АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№31 (9919)

РУЗМАН

7 август 2020 сон

17 ЗУЛЬ-ХИИДЖА 1441 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

*Выборы*



**Предвыборная программа Шамильского местного отделения ДРО ВПП «ЕДИНАЯ РОССИЯ»**

2 гьум.

*Гара-чIвари*



**МухIамад ХIАЖИЕВ:**

«Чиясул мурад тIубазабиялде кьезе ккола кIвар»

3 гьум.

**РЕДАКТОРАЛЪУЛ КАЛАМ**

## *Кинаб цIардай гьалда лъелеб?*

Нилъер хIукуматалда гIадатияблъун лъугьун буго щибаб соналъе цо-цо цIар кьезе. Исанасеб 2020 сон буго РакIалде щвеялъул ва бахIарчилъиялъул соналъул цIаралда гъоркь инеб.

Амма КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубай ракIалда букIахъе кIодо гьабиялде руссинего течIо дунялалда лъугьараб ахIвал-хIалалъ. Коронавирусалъ ракIал гъанцIизарун, сваказарун ругин абуни мекъи ккеларо.

Тарихалде раккани нилъеда гIемерал ратила рагъал, батIи-батIиял халкъазда тIад зулму, гIакъуба, эпидемияби... Аллагьас цо чанго хIалбихьи биччалеб буго гIаламалъе кантIизе, ургъизе, щукру гьабизе, бугелъул къимат лъазе.

Дунялги тIабигIатги гьаб халкъалдаса свакан, цо дагьаб чучлъизе мурадалдалъун тIад сверулеб бугин кколеб буго дида гьаб унтиги. СогIаллъун рихьизе бегьила гьал рагIаби цIалдолезда. БитIараб буго, гурхIула къварилъи бихьарал хъизамаздаги, гIисинал лъимал нахъ тун арал гIолилаздаги. Амма рекIелъ кIудияб ццинги буго нилъер гIадамазул паркъ гьечIого исрап гьабулеб бугеб рикъзиялъухъ балагьун, сверухъ бугеб тIабигIаталде гьечIеб кIвар бихьун.

Дунялъул ункъабго рахъалдаса туристал щолел руго Дагъистаналъул тIабигIиябгун миллияб берцинлъи бихьизе мурадалда. Гьаний, гучал гIорал чваххулеб, тIогьол байдабазул цIураб, гъваридал кIкIалазул, мугIрузул улкаялда гIурай, цо пуланай чIужугIадан данде кколей йиго цо къоялъ кьищниялъул чIегIераб пакет кIкIалахъе хьвагIулей. ЦIорон хутIана дун, абизе рагIиго лъачIо гьелда. БусурманчIужу, магIарулай кин ургъуларей метер жий унеб нухда доб «пакеталъул» махI жиндаго чIвалин абун. Цогидал гIадамазул ургъел гьабиялъул бицинего бицинарин. Гьаб берцинлъи цIунизе гIакълу гIолеб гьечIолъи кколарищ буголъиялъул къимат гьабизе лъангутIи?

Унголъунги свакан бугин кколеб буго дида гьаб ракь гIадамазул чороклъиялдаса. Дагьал церегIан къояз рарал хехал цIадаз кIкIалабахъан чурун рачIана гIодолъиялде долго «чIегIерал пакетал». ГIадамазда бакIаризе лъачIеб, тIабигIаталъ жинцаго бацIцIад гьабулеб буго ракьул гьумер. Гьале нужер хьвада-чIвади, рукIа-рахъин абун цебе лъолеб буго, АваргIоралъ босун арабщинаб, ГьоцIалъ ГЭСалъул хIорида тIад босун бугеб пластикалъ. Нечезе ккараб хIал буго нилъер район бахингун батулеб гьеб сурат.

Гьарзаго кваналеб буго, гьарзаго ретIунеб буго, гьарзаго кьун буго кинабго... КигIан гIемер кьуниги гIадамазе гIей букIунеб батиларо сундулъго. Кидаго букIана гьеб гьедин. ЦIикIкIаралде ишан гIадамас лъолеб букIинчIебани, жакъасеб цебетIейги дунялалъул букIинароан. ЛъикIалъги квешалъги цадахъго гали босулеб букIинги якъинаб иш.

Техникагун технологиял церетIураб гIасруялда яшавги гIадамазул хисун буго. Нагагь, «связьги» гьечIеб, интернетги хIалтIулареб къоялъ - чIун хутIана хIалтIи, тIурачIо къваригIелал, лъачIо цIиял харбал. Гудраца ккураб чан кинигин, рорчIизе бакI гьечIеллъун рихьулел руго жакъасел нилъ. СанагIалъаби гIемерлъанагIан хIалихьалъиги цIикIкIунеб буго. Сундулъго загьирлъулеб хIалихьалъи..тIабигIаталдехун, сверухълъиялде, ай жиндидегоцин.

БахIарчилъиялъул соналъ жидерго унго-унгояб рекIел багьадурлъи загьир гьарурал медикалгун волонтералги гIемер ккана. Аллагьас кьураб лъикIалдасаги, тIад рещтIараб балагьалдасаги пайда босизе къуват кьеги щивасе. Хадусел гIелазе ирсалъе «чIегIерал пакеталгун» пластикалъул гъатищ, бахIарчияб цIарищ телебин ургъизе ккела.

Гьадинал, заманалъе къимат кьолел макъалаби хъвала лъагIалил ахиралда, цо кинаб бугони хIасил гьабулаго, хасго жамгIиял гьиназда гьединал хIасилал гьаризе рокьулел руго гьанже «модаялда» ругел «блогеразе». Дир мурад гьеб гуро. Къимат кьезеги, хIасилал гьаризеги заман ина, санал сверила. Амма цIар кьезе лъаларого буго гьаб жакъасеб къоялъе...

**■ ДАНДЕЛЪИ**

## РухIиял идарабазе цIуна-къаялъе

**30 июлалъ ХIебда централияб мажгиталда тIобитIана районалъул росабазул имамзабазул ва цогидал рухIиял идарабазул хIалтIухъабазул данделъи. Гьезулгун дандчIвай гьабуна районалъул бетIерасул заместитель ГI. Рамазановас, районалъул ракьазул жавабияв спецалист М.ГIумарасхIабовас ва райадминистрациялъул юрист А.МахIмудовас.**

Данделъиялъул аслияб суаллъун букIана мажгитал терроризмалдаса ва цогидал балагьаздаса цIунараллъун рукIинари. Гьелдаго цадахъ хIажатаблъун ккола «паспорт безопасности» гIуцIи щибаб мажгиталъе ва цогидал рухIиял идарабазе. Гьелъул хIакъалъулъ баян гьабуна ГI. Рамазановас ва кватIизе течIого гьел тIадкъаял тIуразе ккеялъулги бичIчIизабуна.

М.ГIумарасхIабовас мухIканго бицана мажгит тIад бараб ракьалъе регистрация гьабизе ккеялъул, къокъаб заманалда жаниб зеленкаби гьарун рагIалде рахъинаризе кколеллъиги.

Данделъиялда гIахьаллъарал имамзабазул, жидее гьарурал тIадкъаяздасан суалазе жавабал кьуна А.МахIмудовас.

Ахиралда киналго ракIарараразухъе рикьана уведомлениябй. Гьезда рекъон щибаб мажгиталъ ялъуни цогидаб динияб идараялда гъорлъе унеб объекталъ гIуцIизе ккола балагьазда данде чIей кинаб къадаралда бугебали къимат кьолеб комиссия.

**НИЖЕР МУХБИР**

**■ СЕМИНАР**

## БукIинеселде гали

**ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун буго нилъер районалъул гIолилал, санайил тIоритIулел, гIолилазулгун студентазул форумазда ва слетазда гIахьаллъи. Исана гьел тадбиразда гIахьаллъиялъе къучI лъун тIоцебесеб гали тIамуна школазул цIалдохъабазги.**

Гьедин 23 июлалда Халкъазда гьоркьосеб гIелмабазул ва инвестициязул фондалъ тIобитIана иргадулаб бахIс-семинар. Гьенир гIахьаллъана МГУялъул ва цойги тIадегIанал цIалул идарабазул церетIурал гIалимзаби, батIи-батIиял жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби ва апрель моцIалъ тIобитIараб конкурсалда бергьенлъи босарал командаби.

Киназдаго бихьулеб буго жакъа дунялалда лъугьун бугеб хIалуцараб ахIвал-хIал. Цебесеб мухъда лъун буго инсанасул сахлъи цIуниялъул ва щула гьабиялъул суал. БатIи-батIиял баяназда рекъон 70 % гIагарун лъимер буго чорхолъ рагьарал ва рахчарал гIузраби ругел. Гьеб хIисабалде босун, данде ракIарараз кIвар кьураб гара-чIвари тIобитIана цIалдохъабазул сахлъи цIуниялъул темаялдасан. Нилъер республикаялдаса МахIачхъала шагьаралъул №13, №35 школазул ва ХIебда гьоркьохъеб школалъул



МГУялъул народонаселениялъул кафедраялъул доцент, к.э.н. Аминат Мух1амадова

цIалдохъабазул командабаз гьарурал гIелмиял цIех-рехазул хIасилазда рекъон хIадурана батIи-батIиял малъа-хъваял. Улкаялъул гIалимзабазул Советалъ гьел ритIизе руго жавабиял идарабазухъе.

Жакъа тIолго улкаялда ралел ругел спортзалал, футбол ва волейбол хIалел майданал, цIиял ралел руго ва капиталияб ремонт гьабун къачIалел школалгун ясли-ахал руго бачIунеб гIелалъе гIоло, гьел мекъаб нухде ккечIого рукIинелъун гIолилазул жигар-жан битIараб рахънибе буссинабизелъун, гьезул роцIараб букIинеселъе гIоло гьабулеб бугеб хIалтIи.

Гьелдаго цадахъ гIолилазул сахлъи цIуни бараб буго квен-тIехалда, гара-чIвариялда, хьвада-чIвадиялда.

«21 июлалъ РФялъул Президент В.Путиница гъулбас гьабуна «2030 соналде щвезегIан РФялъул миллияб цебетIеялъул хIакъалъулъ» абураб Указ. Указалда рекъон аслияб бутIа базабун буго халкъ ва миллаталъул сахлъи цIуниялда. Инсанасул хьвада-чIвадиялъ ва рукIа-рахъиналъ лъола сахлъиялъе аслияб кIвар. КIвар цIикIкIараблъун буго рукIине бегьулел гIунгутIаби тIатинари ва гьезда тIад хIалтIи. Къецазда гIахьаллъарал цIалдохъабаз гьеб суал дурусго тIубазабуна. РакI-ракIалъ баркула нужеда бергьенлъи. Амма гьелда тIад хIалтIи жеги лъугIун гьечIо. ГIаммаб къуваталдалъун нилъеца гьеб хадубккунги гьабизе буго.

Бищун бигьаяб жо буго нилъерго тарихалдаса чIухIи, амма гьедин чIечIого, нужецагоги байбихьизе ккола тарихалъул цIиял тIамчал хъвазе. Жакъа нужеца тIамулеб буго гIелмуялъул нухде тIоцебесеб гали. Нужер киналго лъикIал байбихьиязулъ кIвараб кумек гьабизе кидаго хIадураб гIелмияб жамгIият. Дир ракIчIола кинаб гIумрудул нухде кканиги нужеца нилъер умумузул тарихги, гьез нахъа тараб бахIарчияб цIарги басра гьабунгутIиялда. Хьул буго школалда цIалунги рахъун, нужерго шагьар, район, росаби церетIеялъе гурун гъуждулгун хIалтIизе нуж хIадурун рукIиналда» - ян ракI рагьараб кIалъай гьабуна МГУялъул доцент, нилъер ракьцояй Аминат МухIамадовалъ семинаралъул хIасилал гьарулаго.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ВЫБОРЫ

# ПРЕДВЫБОРНАЯ ПРОГРАММА

## Шамильского местного отделения ДРО ВПП «ЕДИНАЯ РОССИЯ» к предстоящим 13 сентября 2020 года выборам депутатов представительных органов местного самоуправления

Настоящая предвыборная программа принята решением местного политического совета _Шамильского местного отделения Дагестанского регионального отделения Партии **«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** от 11. 06. 2020 года по согласованию с Президиумом Регионального политического совета.

**Уважаемые избиратели!**

13 сентября 2020 года нам предстоит выбрать депутатов представительного органа местного самоуправления ряда сел Шамильского района. Депутаты представительного органа местного самоуправления, избранные вами получат право избирать главу сельского поселения. Глава будет избираться представительным органом сельского поселения из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией. Все мы заинтересованы в том, чтобы депутатами стали люди, обладающие авторитетом, уважением, высокими деловыми и моральными качествами, активной гражданской позицией, чувством ответственности за будущее страны и республики.

Основателем и моральным лидером Партии **«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** является **Владимир Владимирович Путин**, чья политика возрождения России, консолидации общества, укрепления обороноспособности и международного авторитета страны, обеспечения безопасности граждан, находит полную поддержку россиян.

**«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** – ведущая политическая Партия страны. И этот статус она приобрела, потому что всегда на первое место ставила защиту интересов граждан, интересы нашей Родины, на сложнейших поворотах истории не боялась ответственности, брала эту ответственность на себя, на свои плечи, не боялась трудных решений, которые не принесут сиюминутной популярности и не дают дополнительных преференций на выборах, но крайне необходимы для страны, для ее безопасности, для стабильности, для жизни людей, причем на длительную перспективу.

Партия не раз проявляла волю, доказывала свою правоту, предлагала объединяющую повестку, в основе которой свобода и благополучие человека, патриотизм, наши традиционные ценности, сильное гражданское общество и государство.

Как отметил в своем выступлении на **XIX Съезде Партии** Председатель Партии **Дмитрий Анатольевич Медведев:** «Статус правящей Партии, Партии власти заключается не в том, чтобы править, а в том, чтобы служить народу России. Смысл такого служения – будущее наших граждан, наших детей, которые уже родились и еще будут рождены в российских семьях».

Главное в работе Партии – быть вместе с людьми, знать запросы людей, их нужды, проблемы, реагировать на них, причем делать это незамедлительно, помогать, объяснять, защищать. Только так, в ежедневном режиме общения с людьми мы подтверждаем и укрепляем свою состоятельность, делом, вниманием, заботой о гражданах доказываем свое лидерство.

В частности, Партия **«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** приступила к реализации общенационального плана действий по нормализации деловой жизни, восстановления занятости, доходов граждан и роста экономики на региональном уровне.

Особое внимание необходимо уделить устойчивости местных бюджетов. На муниципалитеты легли сейчас дополнительные расходы.

И прежде всего, необходима слаженная, ответственная работа по реализации приоритетов развития России. Это сейчас самая важная задача для каждого из нас, для наших местных команд, для всех, кто поддерживает Партию.

Выдвигая своих кандидатов в депутаты представительных органов местного самоуправления, Партия **«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** понимает всю меру ответственности перед жителями Шамильского района.

Партия целиком поддерживает деятельность Главы Республики Дагестан, члена Высшего совета Партии **Владимира Абдулаевича Васильева**, направленную на развитие Дагестана, на созидание во имя процветания родного края, роста общего благополучия и уверенности в завтрашнем дне.

**«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** – единственная в республике политическая сила, которая конкретными делами доказала свою эффективность. Несмотря на имеющиеся сложности, республика успешно развивается, в чем есть заслуга и наших депутатов, входящих в самую многочисленную депутатскую фракцию Народного Собрания Республики Дагестан.

Главным приоритетом для Партии в предстоящий период остается защита интересов всех граждан. Мы стремимся **к сохранению мира и стабильности** в республике, укреплению межнационального и межконфессионального диалога, созданию достойных условий для свободного развития личности, повышению качества жизни граждан.

Наша опора – традиционные ценности, славная история и богатая культура многонационального народа Дагестана и России.

Наш приоритет – достойная жизнь для каждого человека.

Наша цель – процветающий и благополучный Дагестан.

Наш главный лозунг: **«Слышать людей – работать для людей!».**

Еще одно доказательство эффективности работы Партии – успешная реализация в республике ряда партийных проектов. Партийные проекты направлены на решение самых актуальных задач, которые ставят перед нами избиратели. Благодаря реализации проекта **«Здоровое будущее»** осуществляются строительство и ремонт медицинских учреждений, обновление оборудования этих учреждений, а также решаются вопросы соблюдения трудовых прав врачей и медицинских работников, дополнительными мерами поддержки обеспечиваются земские врачи.

В сложных условиях пандемии коронавирусной инфекции партийцы оказывали помощь в приобретении средств индивидуальной защиты для медицинского персонала и гуманитарной помощи нуждающимся дагестанцам.

В рамках реализации партийного проекта **«Здоровое будущее»** планируется к следующему году:

- ФАП сел Уриб, Ратлуб, Батлух. Заната

Важным для нас остается дорожное хозяйство. В связи с ростом капиталовложений в данную отрасль мы надеемся на прорыв в этой сфере. Органами власти республики намечено строительство новых и реконструкция действующих автодорог. Мы будем добиваться завершения строительства и реконструкции автодорог на территории района.

Также в рамках проекта **«Безопасные дороги»** предусмотрено более __120 млн. рублей, в том числе ремонт дороги - 40 млн. рублей.

Проблема дефицита мест в детских садах остается одной из самых острых как в республике, так и в районе (городе). Принимаются меры по строительству новых детских дошкольных учреждений, внедряются механизмы государственно-частного партнерства в этой сфере. Нам уже удалось многое сделать по снижению очереди в детские сады, нужно обеспечить полный охват детей дошкольными учреждениями.

В рамках данного проекта в районе планируется строительство:

- детского сада на 40 мест в с. Ассаб, с.Хучада, с.Дагбаш с .в. Батлух, с.Куаниб на сумму 195 млн. рублей.

В нашем районе успешно реализовывается партийный проект «Городская среда». Так, в прошлом году были обустроены 2 общественные и дворовые территории.

**В этом году по проекту «Городская среда»** планируется:

- строительство и благоустройство общественных территорий в двух сельских поселениях района

Многое нам предстоит сделать для улучшения работы жилищно-коммунального хозяйства, работа которого вызывает справедливые нарекания людей. Необходимо в первую очередь улучшить качество водоснабжения, санитарного благополучия наших сел.

**Так, в рамках этой деятельности планируется:**

- реконструкция водозаборного сооружения источника и водопроводных сетей в селах на сумму _120 млн рублей;

- водопровод для водоснабжения селам района от водохранилищ.

В районе работает общественная приемная Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ», куда жители обращаются за помощью. Ежегодно в приемную обращаются более 142 человек. Большинство вопросов решаются положительно. В тех случаях, когда проблему нельзя решить на уровне района, сотрудники общественной приемной подключают Региональную общественную приемную с участием депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации, Народного Собрания Республики Дагестан, а также представителей региональных и федеральных органов исполнительной власти.

В нашем районе успешно реализуются программы по улучшению качества жизни населения, социальные программы. Сегодня нам, как никогда, важно сохранять курс, заданный **Президентом страны В.В. Путиным.** Именно этот курс позволяет России сохранять экономическую стабильность в стране, несмотря на неустойчивость мировых рынков.

Мы уверены, что выборы депутатов представительных органов местного самоуправления подтвердят эффективность работы районных единороссов, и жители района окажут доверие кандидатам от нашей Партии, избрав их депутатами.

Наша главная политическая задача – развитие муниципалитета в созидательном русле. Мы считаем, что депутатами должны стать люди, отвечающие за свои слова и поступки, и уверены в том, что предложенные нами кандидатуры в случае их избраниябудут работать над развитием социально-экономического и культурного потенциала нашего муниципалитета, на консолидацию общества.

Будущие депутаты должны быть способными вести диалог со всеми конструктивными силами, обеспечивать единство и сплоченность жителей нашего района. Во главу угла своей деятельности они должны ставить честное служение народу, обеспечивая улучшение социально-экономического положения района, стабильность и согласие в обществе.

**(Продолжение на 4 стр. )**

■ ГАРА-ЧIВАРИ

МухIамад ХIАЖИЕВ:

# «Чиясул мурад тIубазабиялде кьезе ккола кIвар»



***«Гьав росдал эмен вуго»-ян абула лъикIав бегавуласде. ХIакъикъаталдаги, гьеб цIар рекъон ккела гIумруялъул лъеберго соналъ росдае бетIерлъи гьабурав чиясда. Гьал къоязда гIумруялъул 60 сон тIубала ХIотода росдал администрациялъул бетIер МухIамад ХIажиевас. Лъеберго сон барав гIолохъанчи вукIана гьев росдал бегавуллъиялъул жавабчилъи тIаде босидал. Гьесул чIаголъиялъул, бажариялъул ва гIаданлъиялъул бицун гуреб бихьун лъала районцоязда.***

- Лъеберго соналъ бегавуллъи гьаби-гьеб дир бажари бугин абизе кIоларо. Гьеб буго жамагIаталъул иш,- ин абуна нижергун букIараб гара-чIвариялда МухIамад ХIажиевас.

- Нижер росдал буго лъикIаб, гъункараб жамагIат. Щивав чиясул жиндирго пикру бугониги, росдае гIаммаб иш гьабулаго цойиде рачIуна.

**- КIудияб Советияб улка биххараб заманалдаса нахъе байбихьун, дуца росдае бетIерлъи гьабулаго, ункъго нухалъ хисана районалъул нухмалъи. Гьел киназулго ракI рекъолеб хIалалъ хIалтIи гIуцIизеги бигьаго букIун батиларо?**

- Нилъ лъикI ругони нилъееги квешлъи гьабулев чи вукIунарин аби буго. ЖамагIаталъе хIажатаб жо тIалаб гьабун, росдал масъалаби тIуразаризе районалъул нухмалъулезухъе инчIогоги бегавул вукIине бегьуларо. Росабазул цебетIейгьеб буго районалъулго къимат борхи, нахъеккей бугони-гьеб районалдего кколеб рагIадги буго. Районалъул нухмалъуде вачIарав цониги бетIерасе бокьуларо кинабгIаги росулъ нахъе ккараб хIалтIи букIине. Районалъул гьумер берцинлъи, гIадамазул яшав лъикIлъи ва бигьалъи батила гьезулги мурад. Районалъул нухмалъулезулгун рагIи данде ккунгутIи, бичIчIизабизе захIматаб суал дир кидаго букIинчIо. Амма гьезда чIалгIинегIан, чIамучIлъизегIан кабинетаздеги дун хьвадичIо. Росдае бугеб хIажалъи бихьун аскIовеги ана, къваригIел тIубачIогоги жеги хутIичIо.

**- Хъулухъалда вугел соназда бищунго захIматаб заман щиб букIараб?**

- РекIее парахалъи гьечIеб, квешаб асар гьабураб мех букIана рищиязул заман. Росулъ тIоритIулел рищияз жамагIат, гIагарлъи кIийиде рикьизарула, дагIба-рагIи камуларо. Гьелъ квал-квалги гьабула лъикIал ишал рагIалде рахъинаризе. Дир хIалтIул хIалбихьиялъулъги гьеб гьечIого тIубачIо. Амма питнаялде сверараб масъала гьелъул лъугьине течIо росдаца. ЦохIо гурого гьечIеб хъулухъалъе гIоло жамагIат кIибикьун чIани, росдае квешлъи гурони цебетIей букIунареблъи бичIчIана нижер гIадамазда. Гьанже гIадин росдал хIажалъабазе хIукуматалъ биччараб гIарац букIунароан цебе. ЖамагIат цадахъ рекъон гьабураб гурони кIудияб хIалтIиги рагIалде бахъунароан. Щиб бакIалда бугониги рагIи данде ккунгутIиялъ хIалтIуе квал-квал гьабула.

**-МухIамад, лъеберго соналъ росдал бегавуллъи гьабурав чиясе изну букIина гьеб хъулухъалъул хIалбихьиялъул дарсал цогидазе кьезеги. Росдал бегавуласе бищун аслияблъун щиб дуца рикIкIунеб?**

-Бегавуласул тIоцебеб масъалалъун букIине ккола аскIове вачIанщинав чиясул мурад тIубазаби. КIиабизегиросдае чара гьечIого хIажатаб жо жиндир заманалда бихьи, бичIчIи. Гьединал масъалаби жамагIаталъего гIузрулъун лъугьине течIого, тIуразаризе нухал ратизе ккола. Узухъда, гьеб гьадин бицинегIан бигьаяб иш гуро. ЛъикIаб, гъункараб жамагIат бугеб бакIалда бегавуласе кIудияб мугъчIвай букIуна. Нижер росулъ гьедин букIана кидаго.

**- Шагьаралде халкъ гочун росаби чIороголъулеб заман буго гьаб. Гьелдаса цIуниялъе щиб сабаб дуда бихьулеб?**

- Нилъер заманаялъ гIемерисев чиясе бокьун буго бечедаб магIишат, берцинаб яшав. Амма кинавго чиясе гьединаб рес росулъ букIинищха. ГIи-боцIи, ах-хур гIезабун захIмат баччулев чиги гIемер вукIунаро. ГIисиназе, чIахIиязе бокьулеблъун, кир ругониги гIолилазул ракIал цIцIалеблъун росдал гьумер берцин гьаби-гьеб буго сабаб. Гьебин абуни ккола -гIатIидал нухал, гьарзаго лъим, спорталъе ва хIухьбахъиялъе санагIалъи рекъезаби, сахлъи цIуниялъе ва лъайкьеялъе хIажатал шартIал чIезари, гIадамазда гьоркьоб гьуинлъи цIикIкIунел гIаммал байрамал, спорталъул къецал. Дида абизе кIола, жакъа къоялде, нижер росу гьеб киналъулго рахъалъ цогидаздаса нахъе ккечIеб бугилан. Узухъда, гьеб гуро дир бажари, гьеб буго жамагIаталъулго хIаракат.

**- Жавабияб хъулухъалда вугев чиясул кидаго вукIине кколев ватила гIакълу дандбазе чIахIияб ригьалъул, гIумруялъул хIалбихьи щварал гIадамал. Арал соназул хIалтIи ракIалде щвезабулаго кинал цIарал хутIарал дур рекIелъ?**

-ГIакълу дандбазе цIикIкIараб ригьалъул чи росулъ гьечIони, гьезул зонохъе унги бикье ургъел-ин абулаан нилъер умумуз. АльхIамдулиЛагь, гьединал чагIи кидаго рукIана ва руго росулъ. Гьединавлъун вукIана, гIемерал соназ росдал школалъе нухмалъи гьабурав, МухIамад МахIачев. Дида кидаго кIоченаро хIажатаб къоялъ гьес кьураб гIакълуги гьабураб квербакъиги, рищиязул заманалъ жамагIаталда цеве вахъун гьес гьабураб каламги. Гьединго, хIалтIулъ дун битIараб нухде вачунеб, ишалде тIадеккезавулеб малъа-хъвай гьабулаан дирго гIагарав чи Мачи ХIажиевас. Кидаго рукIана ва руго нижер росулъ гIакълу дандбазе лъикIал жамагIатчагIи. ГIемераб ишалъулъ дица мисал босулаан, цIакъ хеккого нилъедаса ватIалъарав, МухIамад ГIайламухIамадович МухIамадовасдаса. Районалъулго гIадамазе пайдаяб гIамалалъул, бажариялъул чи вукIана гьев. Гьесул малъиялдалъун, кумекалдалъун чанги кIудияб иш гьабун рагIалде бахъана росулъ. ЖамагIаталда гьев даимго кIоченаро. Кверги бохги бекараб гIадин камуна гьев дие. Районалда вугеб мехалъги министерствоялде хIалтIизе индалги кваранаб квер чIвана гьес росдадаги районалдаги. Чияс ритIухълъиялъе гIоло гьабураб каламалъул, лъикIлъиялъе гIоло гьабураб гIамалалъул хIасилги квешаб ккезе рес букIунаро.

**- Кинал захIмалъаби дандчIвалел жакъасел росабазул бутIрузда?**

-ХIалтIи гьабулев чиясе хъулухъ киданиги бигьаяб букIунаро. Заманалъул чваххи хисараб гIадин, бегавуласул хIалтIулъги раккиларищха цIи-цIиял масъалаби. Росдал бетIерасе гьаб заманаялъ бищунго захIматаб жо буго гьесдаса гIемерал тIалабал рукIин, гьелдаго рекъон ихтиярал дагъал руго. Гьеб буго хIалтIулъ тату хвезабулеб жо. Мисалалъе, кинаб бугониги росулъ гьабураб лъикIаб ишалъул бетIергьан хехго ватула, амма лъилниги ккараб тохлъи, квешаб лъугьа-бахъиналъул гIайиб бегавуласде бегизабула. Халкъалъе гьарзаго эркенлъи кьураб гьаб заманаялъ демократия-ян абураб рагIул магIна кинавго чиясда гуро бичIчIулеб бугеб ва битIун хIалтIизабулеб бугеб. Гьелъ цо-цо квекIеналги ккечIого хутIуларо нижер хIалтIулъ.

* * *

Гьидерил бакъулаб рахъалда, анкьумумузго кьурабалъ бусен лъураб росу буго ХIотода. КIиазаргоялде гIагарун чияс гIумру гьабулеб гьеб росу соналдаса соналде кIодолъун, гIатIидаб магъилъ тIибитIана.

ХIотода- гьеб буго жакъа санагIат рекъараб, заманалда рекъон цебетIолеб, басриябги цIунун цIияб жубазабураб, тIадмагIаруллъиялда бищунго берцинал росабазул цояб. Гьидалъе жанире лъугьарабго хъатиниб лъураб гIадин бихьула гьеб, пихъил ахал гьарзаяб, узданго гIуцIараб, яшавалъе кинабго санагIат рекъезабураб, гъункараб росу.

Ах-хур гьарзаго лъалъазе росдада цебеса эхебе чваххулеб гIор бугониги, гьекъолеб лъадал къанагIалъи букIана гьениб кидаго. Гьеб масъала тIубазабун рагIалде бахъинчIо советияб заманаялъ. Гьел соназ росу унаан мадугьалихъ бугеб ТIидиб росдал советалда гьоркьобе. Кьурул каранлъ ругел рукъзабахъе, эхедераялъ мугъалъ лъим баччи -гьеб бигьаяб гуреб масъала букIана хIотодисезе.

ГьабсагIаталда гьениб гьарзаго буго гьекъолеб лъим. РикIкIадал мугIруздасаги бачун, щулаго лъун руго росулъ лъадал мухъал. Щибаб рокъобе лъим бачунаго, рухъун ракьулъан лъун хIадурана, хъубаб лъамалъи, ай канализация чваххизабизеги мухъал. Цо-чанго рагIудалъун абунигьеб букIана кIудияб ва кутакалда хIажатаб хIалтIи.

Росдалго гьумер берцинлъулеб чанги пайдаяб хIалтIи гьабун рагIалде бахъуна гьениб санайил. Цересел соназ гIуцIун рахъана спорталъул майдаби, исана лъугIана жанире лъугьине гьира кколеб къагIидаялъ къачIараб годекIан.

Заманаялъ бихьизабуна бегавуллъун вищарав чи росдал эменлъун вукIине кколеблъи ва кIолеблъи. БатIайиса бугони жамагIаталъул гъункиги бихх<br>ула, росуги чIобоголъула. Гьединалги мисалал ратила ралагьани.

**П. ИБРАГЬИМОВА**

**P.S. МухIамад ХIажиевасе хIалтIулъ тавпикъгун къуват, сахал соназул баракатаб гIумру, хъизанрукъалъе талихIгун рохелги гьарун, баркулеб буго гIумруялъул соназул ва хъулухъ тIубазабулаго рарал соназул юбилей.**



■ ВЫБОРЫ

# ПРЕДВЫБОРНАЯ ПРОГРАММА

**Шамильского местного отделения ДРО ВПП «ЕДИНАЯ РОССИЯ» к предстоящим 13 сентября 2020 года выборам депутатов представительных органов местного**

**(Начало на 2 стр.)**

Местное отделение Партии **«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** выступает с инициативой создания кадрового резерва, подготовки профессиональных кадров для органов местного самоуправления, учреждений и организаций всех сфер и направлений, так как сегодняшний уровень профессиональной подготовки кадров является недостаточным.

Обновление во всех сферах социально-экономического, культурно-просветительного развития будет основой деятельности наших кандидатов в случае избрания их депутатами. Повышение качества жизни людей, уровня их благосостояния остаются главными нашими ориентирами.

Наша главная ценность – люди. Вся наша деятельность должна быть направлена на создание достойных условий для гармоничного развития личности. В рамках реализации партийных проектов **«Старшее поколение»** **«Доступная среда»** проводится адресная поддержка пенсионеров и людей преклонного возраста, граждан с ограничениями возможностей здоровья. Принятие мер социальной поддержки малообеспеченных и социально незащищенных категорий граждан также остаются в центре внимания.

Особое внимание уделяется ветеранам Великой Отечественной войны в рамках празднования 75-летия Великой Победы. Партией за каждым ветераном и инвалидом Великой Отечественной войны были закреплены партийцы и организовано шефство над ними.

Приоритет номер один – здоровье. Считаем, что в сфере здравоохранения ключевую роль играют кадры. Необходимо повысить зарплату врачам и среднему медицинскому персоналу, совершенствовать систему льготного кредитования медицинских работников на приобретение жилья. Эта работа уже ведется на федеральном и республиканском уровне. Нужно активно подключиться к этой работе. Для депутатов - единороссов эти вопросы будут приоритетными в своей деятельности.

Важнейшая для нас тема – образование и здоровье молодого поколения. Наркотики и подростковый алкоголизм представляют реальную угрозу для наших детей. Пропаганда здорового образа жизни, вовлечение детей в занятия спортом в рамках партийного проекта **«Детский спорт»**, возрождение и восстановление культуры и традиций нашего народа в рамках проектов **«Культура малой родины»** и **«Историческая память»**, патриотическое воспитание молодежи и иные меры будут способствовать привлечению молодого поколения к созидательной деятельности.

Отдельная тема – отсутствие достаточного количества рабочих мест, низкие зарплаты жителей района. Создание новых рабочих мест, в свою очередь, связано с формированием конкурентной среды и снижением уровня безработицы. Наши люди традиционно славятся своим трудолюбием, нужно обеспечить условия для развития предпринимательства, раскрытия творческих способностей людей. Именно малый и средний бизнес могут стать основным потенциалом экономического развития района. Мы намерены сделать район максимально привлекательным для инвесторов.

Развитию сельхозпроизводства будет уделено особое внимание. Наша цель – всестороннее содействие в обеспечении производства и сбыта сельхозпродукции, что в конечном итоге также обеспечит создание новых рабочих мест. В рамках партийного проекта **«Развитие садоводства в Республике Дагестан»** показывает, что при умелой организации работы удается задействовать значительные потенциальные резервы.

Нам еще многое нужно сделать. Партия выступает за принятие незамедлительных мер на федеральном уровне по либерализации малоформатной торговли и по упрощению процедур, связанных с реализацией продукцией, выращенной фермерами и садоводами на своих участках. В регионах нужно создавать новые объекты торговли, развивать фермерские ярмарки, предоставлять фермерам и садоводам дополнительные места на действующих рынках.

Необходимо активнее использовать механизмы содействия развитию малого предпринимательства, вовлекать представителей бизнеса в процесс принятия решений на местном уровне.

**«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** ставит задачу, чтобы каждый работающий человек при поддержке государства, республиканских органов, местной власти мог решить свою жилищную проблему. Для этих целей необходимо задействовать механизмы субсидирования и предоставления льготных кредитов.

Выборы депутатов представительных органов местного самоуправления – это очередной экзамен для местного отделения Партии **«ЕДИНАЯ РОССИЯ»**. Мы понимаем, что почивать на лаврах – губительный путь. Нужно меняться, чтобы не потерять доверие жителей района, отвечать высоким запросам наших избирателей.

Мы осознаем, что в районе еще масса нерешенных проблем. Мы также понимаем, что мы с вами, жители района, в первую очередь заинтересованы в решении этих проблем. Поэтому местное отделение Партии **«ЕДИНАЯ РОССИЯ»** берет курс на обновление, понимая, что только меняясь изнутри, можно обеспечить перемены вовне. Обновляется депутатский корпус, больше 20 процентов в выдвигаемых Партией списках – **представители молодежи и женщины.**

Крайне необходимо создание в районе общественных институтов, которые станут контролировать действия местной власти и расходование бюджетных средств. Более того, депутаты и должностные лица органов местного самоуправления должны систематически отчитываться о своей работе перед жителями, для чего будет использовано множество форм: отчетные собрания, встречи с населением непосредственно по месту жительства. При этом каждый желающий должен иметь возможность не только задать вопрос и выступить с критикой, но и высказывать свои предложения.

В нашем районе много активных, неравнодушных людей со свежими идеями – их нужно максимально привлекать к решению общих проблем. Все вместе мы сможем добиться настоящих перемен для нашего района, наших сел, а кандидаты от **«ЕДИНОЙ РОССИИ»**, став депутатами представительных органов местного самоуправления, опираясь на профессиональную команду единомышленников, на избирателей района, особенно на молодежь, будут работать над решением накопившихся проблем в социально-экономической и политической жизни района.

Наша программа – не очередное изложение перед избирателями предвыборных обещаний. Мы подтверждаем свою эффективность не словами, а конкретными делами. Мы верим в своих избирателей.

**Вместе мы сможем сделать многое!**

**Шамильское местное отделение Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ»**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

# Памятка по хранению и ношению гражданского оружия

Принадлежащие гражданам Российской Федерации оружие и патроны должны храниться по месту их проживания с соблюдением условий, обеспечивающих их сохранность, безопасность хранения и исключающих доступ к ним посторонних лиц, в запирающихся на замок сейфах или металлических шкафах, ящиках из высокопрочных материалов либо в деревянных ящиках, обитых железом. Органы внутренних дел по месту жительства владельцев имеют право проверять условия хранения зарегистрированного ими оружия.

Хранение оружия и патронов гражданами Российской Федерации в местах временного пребывания должно осуществляться с соблюдением условий, исключающих доступ к оружию посторонних лиц.

Ношение огнестрельного длинноствольного оружия осуществляется в расчехленном состоянии, со снаряженным магазином или барабаном, поставленным на предохранитель, а огнестрельного коротко ствольного оружия - в кобуре в аналогичном виде.

Досылание патрона в патронник разрешается только при необходимости применения оружия либо для защиты жизни, здоровья и собственности в состоянии необходимой обороны или крайней необходимости.

Также сообщаем, что приобретенное оружие подлежит регистрации по месту получения лицензии в двухнедельный срок со дня приобретения оружия. (Оружие иметь при себе для проведения осмотра).

Напоминаем, что не позднее чем за месяц до истечения срока действия выданных разрешений на хранение и ношение оружия необходимо представить в отделения ЛРР по месту регистрации гражданина заявление и документы, необходимые для продления срока действия разрешений.

В случае нарушения сроков действия выданных разрешений на хранение и ношение оружия будут применяться меры административного воздействия (наложение административного штрафа на граждан в размере от трех тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией оружия и патронов к нему либо административный арест на срок от пяти до пятнадцати суток с конфискацией оружия и патронов к нему).

Граждане в случаи неправомерного применения зарегистрированного гражданского оружия будут привлечены к уголовной ответственности согласно законодательства Российской Федерации.

**ЦЛРР Управления Росгвардии по Республике Дагестан**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун дандекколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI № 50